


KUVIGWA MUBWIRO

 Baba veKudenga Vakaropafadzwa, nehu—Hupo hweMweya Mutsvene huri pano nechekare, tinoswadera kuShoko reNyu Dzvene. Uye kunyangwe nezwi risina kumira zvakanaka ndichiedza kuzvidzora, uye nekutaura mazwi nekunonokera uye nekudzikama sekwandingagona, ndinokumbira hutungamiri hweNyu Hutsvene nechizoro cheMweya Mutsvene kuti zvifambe pakati pedu manheru ano. Uye dai Uyo Ari kwese-kwese, dai Atora Shoko raMwari agoRipa kumoyo wese, sezvatinoshuvira. Dai Akatidyisa manheru ano, pazvinhu zvakanaka zvaMwari.

² Uye manheru ano, tichitaura pamusoro peShoko, dai moyo yedu yafamba mamaera akawanda kupinda muKarivhari, uko Jesu akabhadhara mubhadharo wakakwana waidiwa wemitongo mikuru yaMwari, kubva mubindu reEdheni. Uye dai nhasi tacherechedza kuti takaruramiswa pachena nerumuko rwaKe, uye nerufu rwaKe, kuvigwa, nerumuko.

³ Uye manheru ano hatichisiri venyika, nekuti takatengwa nemutengo weRopa rinokosha reMwanakomana waMwari. Uye dai isu, nemoyo ine kutenda, tatendeukira kwaMuri manheru ano, nepfungwa dzose nesimba, neizvo zvatinazvo matiri, uye taKushumirai nemoyo wakachena, usina kusvibiswa.

⁴ Itai manheru ano, Baba, kana paine vamwe pano vasingaKuzivei, mukuregererwa kwezvivi zvavo, dai manheru ano vakauya kumuchinjikwa vakazvininipisa, uye ipapo voreurura zvivi zvavo kuna Mwari avo vakarurama, kuti varegerere. Uye dai huno hukava husiku hwakanaka kwatiri tese. Tinozvikumbara muZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu. Amen.

⁵ Zvino tinocherechedza kuti hakuna munhu, ari munyika, anokwanisa zvakanakwana kutora Shoko raMwari oRizarura, nekuti Shoko rakanyorwa nekufemera. Mweya Mutsvene ndiwo Muvambi weShoko.

⁶ Zvino pakatsvagwa munhu, Kudenga, kuti atore Bhuku nekusunungura Zvisimbiso, hakuna kuwanikwa munhu Kudenga, kana panyika, kana pasi penyika, akanga akakodzera kusunungura Zvisimbiso, kana kutombotarisa paBhuku racho. Zvino kwakanga kune Gwayana Ikoko rainge rakabayiwa kubva pamavambo enyika, zvino Rakauya ndokutora Bhuku kubva muruoko rweUyo akanga agere paChigaro chehushe, ndokusunungura Zvisimbiso nekuzarura Shoko.

⁷ Uye isu manheru ano tiri kutenda uye tichivimba maAri, kuti Achazarura Shoko kwatiri, uye zvino pandiri kuverenga muchitsauko 2 cheMabasa.

⁸ Pandiri kupa, husiku hwekutanga kwaiva *Kuuya Kwechipiri*, uye...kwaIshe Jesu, chiri Chitatu. Uye China manheru aive pamusoro pe*Chibairo Chakakwana Muna Zvose*. Uye manheru eChishanu aiva pamusoro pe*Yananiso Yakakwana Muna Zvose; Iyo Yakakwana*. Makazvibata here manheru akapfuura? *Iyo Yakakwana*, kuti tinogona sei kuva vasina chipomerwa uye takakwana mumaziso aMwari! Zvino manheru ano tiri pa*Kuwigwa Mubwiro*. Uye mangwana, *Kumuka Kuvakafa*. Mazuva achingotevedzana.

⁹ Zvino ndasarudza manheru ano, pakuverenga kwangu Gwaro, kubva muBhuku raMabasa, chitsauko 2 uye ndima 25, 26, ne 27, ose zvawo. Zvino Rinoverengwa sezvizvi, Petro achitaura.

Dhavhidhi, nekuti Dhavhidhi akataura pamusoro pake achiti, Ndakafanoona Ishe pamberi pechiso changu misi yose, nokuti ari kurudyi rwangu, kuti ndirege kuzunungutswa:

Naizvozvo mwoyo wangu wakafara, norurimi rwangu rwakafarisisa; uyewozve nyama yangu ichazorora netariro:

Nokuti hamungasiye mweya wangu muhadhesi, uye hamungasiye iYe Mutsvene wenyu kuti aone kuora.

¹⁰ Chinyorwa chakanaka zvakadii chehusiku huno, chekuti tiwane chidzidzo chokunge iYe ari muguva.

¹¹ Chinhu chekutanga chatinoda kutarisa...kukukwezverai kwachiri, ndiko kusakundika kweShoko raMwari. Mwari vanoehengeta Shoko raVo, sezvariri. Uye manheru ano tinoda kuna pfungwa dzedu pane izvozvo, kuti Mwari vanoehengeta Shoko raVo. Tinogona kunyatsozorora pane chose hacho chakataurwa naMwari muShoko raVo, kuti iChokwadi. Uye kutenda hakuzorore papfungwa dzemunhu dzinoshanduka kana dzidziso yebhaibheri yevanhu, asi kune nzvimbo yako yekupedzisira yekuzorora paDombo risingazununguki reShoko raMwari raZiyendanakuenda.

¹² Shoko! Kana Mwari vakazvitaure, izvozvo iChokwadi nekusingaperi. Havagone kuzvidzora zvino voti, “Ndanga ndisingarevesi.” Ndinogona kutaura zvinhu uye iwe onogona kutaura zvinhu, saka isu takarerekerera pakudzora mashoko edu, nekuti takazvitaure nekuzivisisa kwedu kwese uye nekugonesesa kwedu kwese. Asi, zvino, Mwari vakasiyana zvikuru nesu. Havana magumo, naizvozvo haVataure chimwe chinhu kunze kwekunge chakanyatsokwana. Havatombochidzore, haVambofi vakakumbira ruregerero pane zvaVataura. Zvinogara zviru izvo, Chokwadi chaicho.

¹³ Kunyangwe kuna Jesu, mumazuva ano makuru atiri mukupembera, apo Mwari vakauraya Mwanakomana waVo nokuda kwezvivi zvenyika, zvichida zviuru zvemakore kunyange

nheyo isati yaiswa. Mwari vakataura Shoko, uye Ibasa rakatopera kare Kudenga kana Mwari vazvitaure; zvakatopera kare. Oo, dai tikangokwanisa kunzwisisa kuti zvinorevei, taizonge tiri vanhu vakasiyana zvakadini! Kuona muMabhuku aVo, mitongo yakaiswa muno kuitira vasingateereri, zvaizoita kuti munhu azviongorore pachake, nguva nenguva; uye zvazoita kuti vakarurama vafare, nguva nenguva, kuverenga maropafadzo akavimbiswa naMwari kune vakatendeka. Uye tinogona kunyatsozorora zvechokwadi pakuti Shoko rese richazadzikiswa, tongosungirira mweya yedu pariri. Zvagara zvakangodaro.

¹⁴ Mwari pavakataura naNoa, kareko munyika yekuparadzwa nemvura zhinji; pamwe zvichida pasati pambonyorwa chero Bhaibheri zvaro, kana kuti Bhaibheri iri, zvisinei, risati rambonyorwa; Mwari vakaudza Noa kuti kuchauya dutu, uye mvura yaizofukidza nyika. Uye pasina kana kadodzi kamwe zvako kehumbowo hwekuti zvaizoitika, zvinhu zvese zvichinyatsopesana, Noa akabatwa nekutya, ndokuvaka areka, akaigadzirira. Yakanga iri yekuponeswa kwemusha wake naiye pachake. Mwari havana kumbomurasisa, nekuti raiva Shoko raVo. Zvaifanira kuitika Mwari pavakati zvichazoitika.

¹⁵ Zvino, apo Jobho, Bhuku rekaresa muBhaibheri, rakanyorwa zvichida Genesi isati yanyorwa, uye rikaverengerwa muBhaibheri. Uye Mosesi Ndokunyora Genesi. Jobho, muBhuku rake, akazorora zvizere pavimbiso yaakapiwa naMwari. Zvino akamira pachipiriso chake chinopiswa, asingatyi mumoyo make; achiziva kuti, Mwari zvavakanga vataura, Mwari vaikwanisa kuzviita. Uye apo zvinhu zvose pazvakaita sezvinopesana, Jobho akamira akasimba nekuti vimbiso yaMwari yakanga yakasimba. Mwari vakavimbisa Jobho, uye Jobho akazorora pavimbiso iyoyo.

¹⁶ Oo, dai chechi yaigona kusvika panzvimbo iyoyo payaigona kuzorora zvizere paShoko raMwari reKusingaperi kuti iChokwadi! Waizova musiyano wakadii, kwaizova kugadziriswa kwakadii, kwaizova nekupatsanurwa kwakadii, waizova mufaro wakadii, isimba rakadii raizovepo, kana varume nemadzimai vakatora Mwari sezvavari, zvaVakataura kuti iChokwadi. Zvisinei kuti mamiriro acho akaita sei, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Mwari vakataura kudaro; zvatoringana!

¹⁷ Uye Jobho, paakanga ari munguva yekuyedzwa kukurusa kwechiitiko chake chose; paakanga aonekwa, muHupo hwaMwari, kuve murume akarurama. Kunyange Mwari vakati akanga akakwana. Kwakanga kusina akafanana nayepanyika. Uye Satani akapihwa mukana wekumuyedza, achiti, “Ndichamuita kuti aKutukei kumeso kweNyu.”

¹⁸ Uye akapotsa atotora hupenyu hwaJobho, uye angadai akazviita, asi Mwari vakatara muganhu, vakati, “Unogona kuita

chero chinhu kwaari, asi usatora hupenyu hwake.”

¹⁹ Zvino ipapo Jobho paakamira pakuyedza chaiko kwenguva yakaamarara, akati, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye nemazuva ekupedzisira Achamira panyika. Kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi uno, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari.” Zvisinei nekuti kune rima rakadii, uye kuti zvinoita sezvisiri zvechokwadi zvakadii, paiva nechimwe chinhu icho Jobho akasungirira mweya wake pachiri, vimbiso yaMwari yeKusingaperi. Oo, dai taingokwanisa kuita izvozvo! Cherechedzai, akazorora pavimbiso, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama.”

²⁰ Uye ndinoda kuti mucherechedze, kuitira mashoko ari pamberi apo andinoda kuzotaura, Jobho akanyatsodonongodza nzvimbo yake paaizovigirwa. Uye Jobho paakafa, akavigwa saizvozvo.

²¹ Paiva nemumwe murume, ane zita rekuti Abrahamama, akatora Mwari paShoko raVo. Uye akatenda Mwari. Zvino akadana zvinhu izvozvo zvaipesana nevimbiso yaakapihwa naMwari, sekunge zvaisavepo. Akatora Mwari paShoko raVo. Zvino mazuva paakapfuura, uye nemavhiki nemwedzi, uye kunyangwe makore ndokupfuura, izvozvo hazvina kumbonetsa Abrahamama kana napaduku pose. Bhaibheri rakati, “Haana kudzedzereka, kubudikidza nokusatenda, pavimbiso yaMwari; asi wakanga akatendeka, achipa rumbidzo kuna Mwari.”

²² Apo zvinhu zvose zvairatidzika sekuti, mazuva ese, zvaitowedzera kuoma mazuva ese; asi pane kuti apere simba, Jobho akatowedzera kusimba mazuva ese. Oo, chivimbo chakaropafadzwa zvakadini chatinacho! Kana kuomarara kuchiiita sekusimuka kuti kuite kuti chinhu, chakavimbiswa naMwari, chive chisingagoneki, panzvimbo yekudududza, tichidzokera munyika, tinofanira kumira zvakatonyanya kusimba kupfuura mamiriro atakamboita, pane ZVANJI NAJEHOVHA. Zvinofanira kupedza nyaya yacho, kana Mwari vataura chimwe chinhu.

²³ Zvino Abrahamama akadana zvinhu izvozvo zvakanga zviripo, sekunge zvakanga zvisipo, nekuti zvaipesana neShoko. Zvino Abrahamama paakaraskirwa nemudiwa wake nemudzimai, Sara, mushure memakore akawanda vachigara pamwe chete, akatenga chikamu chenzvimbo pedyo nenzvimbo yakavigwa Jobho, ndokuviga Sara. Hameno kuti sei? Vaiva vaporofita! Vakanga vaona! Vakabata Mwari! Uye zvino Abrahamama paakafa, akavigwa pamwe naSara.

²⁴ Zvino, akanga asingadi kuti vanhu ava vangomupa chikamu ichi chenzvimbo. Akaitenga, pamberi pezvapupu. Mufananidzo wakanaka zvakadini werubhabhatidzo. Akaitenga, pamberi pezvapupu, kuti yakanga iri yake. Oo, ndiyo nzira iyo mutendi chaiye anofanira kuuya nayo, kwete kuverevredza mukona,

asi kumira pamberi pezvapupu, “Ini ndiri chapupu chaIshe Jesu, necheMweya Mutsvene, uye chemabasa aKe makuru,” uye kunyanya sei tichiona zuva iri rakaipa richiswedera.

²⁵ Uye zvakare apo mwanakomana waAbrahama, anova Isaka, vimbiso yaizopiwa kwaari. Zvino Isaka paakafa, akavigwa pamwe chete naAbrahama. Zvino Isaka akabereka Jakobho.

²⁶ Uyewo Jakobho paakanga... akafira kure zasi muEgipita. Asi cherechedzai, asati afa, akati kumwanakomana wake muporofita, Josefa, “Huya pano, mwanakomana, uye isa ruoko rwako pahudyu yangu yakaremara.” Nokuti rangarirai kuti akaremara sei, imhaka yekuti Mutumwa waJehovha akabata hudyu yake, iye ndokukamhina kubva pazuva iroro zvichienda mberi. Akati, “Isa ruoko rwako pahudyu yangu, upike kwandiri naMwari wamadzibaba edu, kuti hausi kuzondiviga zasi kuno muEgipita.” Sei? Oo, vaiva neShoko, vaiva nechizaruro!

²⁷ Uye regai ndimire pano, nditaure kuti chechi yaMwari mupenyu yakavakirwa pachizaruro chaMwari; kwete pasangano rechechi, masangano, kwete pazvitendwa kana dzidziso, asi paChokwadi chaMwari mupenyu chakazarurwa nemweya.

²⁸ Abheri, mubindu reEdheni, akanga anacho pakatanga chechi. Akaziva sei kuti aunze gwayana? Sei asina kuunza muchero sezvakaita Kaini? Asi zvakazarurwa kwaari!

²⁹ Jesu pane imwe nguva achitaura, akati, “Vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini aniko?”

“Vamwe vakati ndiMi ‘Mosesi,’ na ‘Eria,’ zvichingodaro.”

Iye ndokuti, “Asi imi munoti ndiNi Ani?”

³⁰ Munoono, hazvizorore pane zvinofungwa nemumwe munhu, ndeizvo zvaunoziva iwe kuti iChokwadi. “Ko *iwe* unoti kudii?” Mubvunzo iwoyo waizosangana nemumwe nemumwe wedu pachiso manheru ano, “Ko iwe unoti kudii?”

³¹ Zvino Petro nekukurumidza ndokutaura, asina kana kuzengurira, akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

³² SaJesu Uyo aiziva zvakavanzika zvemoyo yose, nokuti Akanga asiri mumwe kunze kwaJehovha vachiratidzwa munyama, zvino Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi, nekuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga ndivo vaita izvi. Uye padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, zvino masuwo egehena haangakuriri.”

³³ Uye isu vanhu patinouya, isu maLutherani tinoda kufamba nekutenda, isu maMethodisti tinoda kudanidzira kuti tiUwane, imi maPentekosti munoda kutaura nendimi kuti muUwane, asi zviri mamaira 10 miriyoni kubva kwaUri.

³⁴ Chizaruro chaMwari chaIshe Jesu Kristu, Hunhu hwaVo Pahuzima huchiratidzwa mumoyo, “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkuriri.” Zvinoshanda zvakakwana naMateo :24, 5:24, kana kuti, Mutsvene Johane 5:24, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; uye haangatongopihwa mhosva, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Kwete nekuti wanga uine kamwewo kaitiro, mamwewo manyawi, asi nekuti wakava, nemukana uyu wekuva naKristu achizarurwa kwauri kubva Kudenga, “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu.”

³⁵ Zvino ipapo, Jakobho, paakafa, mwanakomana wake akatakura mutumbi wake, uye akavigwa pamwe chete naAbrahama, Isaka, Sara, naJobho, muNyika Tsvene, muParastina.

³⁶ Zvino, Josefa, ari muporofita. Akabudirira zasi muEgipita. Aiziva Mwari. Mwari vakanga vazvizarura pachaVo kwaari. Zvino paakafa, akati, “Musavige mapfupa angu zasi kuno, asi isai...apo...Rimwe zuva Mwari vachakushanyirai zvirokwazvo!” Sei? Akazorora zvizere paShoko raMwari kuna Mosesi, “Vachashumira rudzi urwu makore 400, asi Ndichavabuditsa.” Akazorora zvizere paShoko.

³⁷ Uye mufananidzo wakanaka sei pano, kana mukacherechedza. MuHebheru wese aipfuura nepo, nemusana wake wakarohwa zvekukuvadzwa, nevashandisi venhapwa. Zvino paaitarisa pamapfupa emuporofita wake, Josefa, aiziva kuti rimwe zuva vari kuzobuda. Nekuti, mapfupa aya akasiwapo serangaridzo, yekuti rimwe zuva vari kuzobuda.

³⁸ Pava nemakore angaita 15 kana 18 adarika apo Billy Paul, kakomana kadiki kane makore angaite 5 ekuberekwa, asati zvachose...Taiva neruva diki rataiendesa kuguva raamai vake, mambakwedza mamwe mangwanani, paEsta, zuva rave kutongobuda, richidongorera; kana kuti kunze kusati kwachena, ndizvo zvazvaive, zvino tozoenda kusevhisi. Zvino patakafamba tichidzika zasi kuguva, kakomana kadiki kakabvisa ngowani yako pataienda kwainge kwakavigwa kahanzvadzi kake naamai vake. Zvino akatanga kupfikura nekuchema, zvino akati, “Baba, amai vari zasi apo here mugomba iro?”

³⁹ Ndikati, “Kwete, mwanangu. Havasi zasi umo mugomba iro. Vatori nani zvakapetwa kamiriyoni kupfuura iwe neni.”

Iye akati, “Ndichaona amai zvakare here?”

⁴⁰ Ndakati, “Nenyasha dzaMwari, kana uchizvishuvira, unogona kuvaona zvakare.”

Akati, “Mutumbi wavo uchabuda here kubva muguva iri?”

⁴¹ Ndakati, “Mudiwa, vhara maziso ako, zvino ndichakuudza kamwe kanyaya kadiki. Mazana emakore akawanda akapfuura,

mangwanani ano, pane bwiro rakasiwa risina chinhu.” Ndikati, “Irangaridzo kune ‘avo vakarara muna Mwari avo Kristu achaunza pamwe chete naYe paAnouya.” Pasina kana mumvuri wekupokana, ndinozorora zvizere pavimbiso yaMwari yeKusingaperi!

⁴² SaJobho wekare, patinonzwa kuti “madota kumadota, uye guruva kuguruva,” zvinondiyeuchidza nezvaLongfellow, uyo akati:

Usandiudze, muhuwandu hwevanochemba,
Hupenyu hungori chiroto chisina chinhu!
Uye mweya wakafa uyo unokotsira,
Uye zvinhu hazvisi sezvazvinotaridza kuva.

Akati:

Hongu, hupenyu ndehwemazvirokwazvo!
Hupenyu hune kurevesa!
Uye guva handiro magumo ahwo;
Nokuti uri guruva, kuguruva uchadzokera,
Hazvina kureverwa kumunhu wemukati.

⁴³ Vanoidaidza kuti tiyofani, kuti kana tichinge tabva pano tinopinda kune imwewo nzvimbo. Chero zvazvingava, ndinitora Shoko remuapostora, paakati, “Kana tabhenakeri ino yepanyika kana nzvimbo yekugara iyi yaparadzwa, tine imwe yakatotimirira kare, kuti tibve mune *ino* tichipinda mune Iyoyo.”

⁴⁴ Abrahamu, Isaka, Jakobho, Jobho, vaporofita vose, vakavimba uye vakatenda kuti kwaiva nerumuko rwuchauya, kuti Mudzikinuri ari kuuya. Vakaporofita nezvaKe. Enoki akaporofita nezvaKe; akazorora zvizere, akasimbisa chapupu chake nazvo. Isaka, Jakobho, Dhanieri, Jeremia, Ezekieri, vakazorora zvizere panguva yaizouya Mesiya.

⁴⁵ Zvino vakafa uye mweya yavo ikapinda muParadhiso. Havana kukwanisa kuenda muHupo hwaMwari, nekuti (takava nazvo manheru apfuura) kuti ropa renzombe nerembudzi raisagona kukanganwira zvivi; raingofukidzira zvivi, richitaura nezvezuva apo Chibairo chakakwana; nekuti ropa riri mumhuka haraikwanisa kudzokazve kumunamati, nokuti ipapo angadai asina kurega kubayira zvibayiro zvemhando yakadaro.

⁴⁶ Asi Mwanakomana waMwari paakafa, Hupenyu hwaiva maAri hwakanga husiri humwe kunze kwaMwari, kuti hudzoke huzotigadza mumhuri yaMwari. Uye zvino tiri vana vaMwari, Hupenyu hunobva muRopa raVo.

⁴⁷ Zvino cherechedzai nekukurumidza, patiri kutevera. Zvino shure muTestamende Yakare, uye avo vakatenda nekunamata, uye vakafira muKutenda, vakamirira nguva iyoyo, chikonzero sei vaporofita ivavo vakaita izvozvo, uye vachida kuvigwa

muParastina, vaiziva kuti rumuko rwaisazova muEgipita. Rwaive muParastina, bedzi.

⁴⁸ Ndosaka ndichiti manheru ano: ndine mhando dzose dzemazita; handina basa kuti vanhu vanondidaidza kuti chii, hazvina zvazvinoreva kwandiri. Chinhu chega chandinoda kuita, kuziva izvi: kuti ndakanga ndakafa, zvino hupenyu hwangu hwakavigwa muna Kristu, kubudikidza naMwari, uye ndakasimbiswa neMweya Mutsvene; kuti paAchadana kubva pakati pevakafa, ndichapindura pazuva iroro. Ndivigei muna Kristu, nekuti avo vari muna Kristu Mwari vachauya pamwe naVo pazuva iroro.

⁴⁹ Tinopinda sei muna Kristu? VaKorinde Vekutanga 12:13, “NeMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi mumwe, uye tova vagari pamwe chete vemuHumambo hwaMwari.” Tinopupura kuti tiri vafambi nevatorwa panyika ino, zvakare, tisingatsvage zvinhu izvi zvepanyika, asi tichitarisira pakuuya kwaMambo wakaropafadzwa kuti atore humambo, kubva kugungwa kusvikira kugungwa risingaperi, paAnouya mukubwinya kwaKe. Zvirokwazvo, tinotarisa Kuuya kwaKe.

⁵⁰ Uyezve hapana kupokana mupfungwa dzangu, asi kuti ndizvo zvaiva naJesu mupfungwa dzaKe paAiva pano panyika, kwaiva kusakundika uku kweShoko raMwari reKusingaperi. Nekuti, tinoziva kuti maAri maigara hazuro weHumwari muMutumbi. Humwari hwese hwaiva maAri. Aiva zvese Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, asi achigara muchimiro chemunhu; tiyofani yaMwari, mufananidzo mukuru waMwari waAkasika munhu ari mauri, ndokumuisa panyika. Vakanga vane mutumbi. Mwari havagare vasina mutumbi. Mwari vane mutumbi, uye wakaita semunhu. Mosesi akauona, vamwe vakauona, uye wakaita semunhu.

⁵¹ Uye angori maratidzikiro, zviru *uno*, ezviru Uyo wacho. Uye zvose zviru panyika, runako, nekutapira, runako rwenyika, hazvisi chimwewo chinhu munyika kunze kwemhinduro yezviru nani kupfuura izvozvo, zvakatimirira kana tabva panyika ino. Nekuti, zvinhu zvose zviru panyika zvinongova mufananidzo wezviru Kudenga. Zvese zvakanaka, zvese zvakarurama, zvese zvine runako, miti, shiri, zvose, zvinongova mufananidzo wezviru Kudenga.

⁵² Hupenyu hwedu pachedu hunongova mufananidzo. Hunongova mumvuri, uye kwete chinhu chacho chaicho. Ndiri divi riri mumvuri. Zvinitora rufu kuumba mufananidzo wacho, kutidzose mutiyofani kwatakabva. Zvino murumuko tinouya tiri mumufananidzo waKe, mutumbi wakamutswa. Zvakanaka sei; kwete kunaka chete, asi iChokwadi chemazvirokwazvo, chakaperera cheShoko raMwari reKusingaperi, kuti tichafanana naYe.

53 Cherechedzai zvino, Jesu, azere nemasimba ose aMwari, asi, paAkasangana naSatani, haAna kumbobvira akashandisa rimwe remasimba aKe. Aingodzokera bedzi kuShoko! Akadaro. Akati, “Kwakanyorwa kuchinzi, ‘Munhu haangararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe-nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.’”

54 Zvino ungataura sei kuti unogona kugara kumba uye wongova muKristu akanaka sezvaungava kana uri kuchechi? Haugone kuzviita. Verenga Shoko! Mweya Mutsvene unodya paShoko. Bhaibheri ndiro chikafu chaMwari chepamweya kuChechi yaVo. Uye Mweya Mutsvene ndiWo UnoRiunza kwauri uye woRiisa mumoyo, uye nokupa kutenda unoRidiridzira. Uye vimbiso yese yaMwari ichabereka chaizvo izvo Mwari vakati yaizobereka. Inofanira kudaro. IShoko raVo, uye ndiRo Hupenyu.

55 Zvino, ndanga ndakanganwa kuti ndanga ndichingofanira kuva nehafu yeawa. Zvinonditorera nguva yakarebesa kuti ndisvike pane zvandiri kuda kutaura.

56 Asi cherechedzai Jesu muawa yekupedzisira, kana 2, ehupenyu hwaKe, zviporofita, zvizhinji-zhinji zvakazadzikiswa.

57 Mumwe munhu akati kwandiri, “Hama Branham, *izvi* zvinofanira kuitika, uye *izvo* zvinofanira kuitika.”

Ndikati, “Zvinogona kuitika muawa imwe.”

58 Kana ukaverenga Mapisarema 22, uye wobva watarisa nguva yaKe yekufa pamuchinjikwa, ndangokanganwa zvino kuti zviporofita zvingani zvakanhamara zvakanadziswa mumaawa 2 kana 3 ekupedzisira ehupenyu hwaKe! Zvirokwazvo, “Vakabaya tsoka dzaNgu nemaoko aNgu. Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiyireiko?” nezvimwe zvakadaro, sekundanidzirwa kwazvakaitwa naDhavhidhi.

59 Uyezve chimhu chinhu chandinoda kuti mucherechedze, Chokwadi, chikamu chisingakundi cheShoko raMwari. Bhaibheri rakati, “Anochengeta mapfupa aKe ose, hapana kana rimwe rawo rinotyoka.” Nokuti mumufananidzo, gwayana repaseka raiva mufananidzo wacho. Gwayana rinofanira kunge risina chipomerwa, hapana mapfupa akatyoka anofanira kunge ari pagwayana iri. Uye panguva yaAinge...yaAkanga afa, vakakwirako kundotyora makumbo aKe nenyundo. Uye pasati...Tarisai panguva iyoyo inokosha! Murume aive nenyundo, agadzirira kurova makumbo aKe, asi Shoko raMwari rakati, “Hapazova kana nebvupa rimwe richatyoka mumutumbi waKe.”

“Zvichaitika sei?” Tinopinda mukukasika.

60 Shoko raMwari ndereKusingaperi! Kana Shoko raMwari rakakwana kudaro, avo vari muna Kristu vane chokwadi

chekumuka sezvo kune rumuko. Mwari vakangosungirwa kuShoko raVo, kukupodza, sezvaVari pakukuponesa. Nekuti, iVo, iShoko raVo rakazvivimbisa. IShoko raMwari, uye hatina kodzero yekukamura paRiri. Asi kungoti, “IChokwadi.” Ritende! Hazvinei nekuti chii chinotika, Ritende, zvakadaro. Ndiyo nzira iyo vamwe vose vakatoRitenda nayo, uye isu hatisi kuburitswa munyaya yacho. Mwari vakapa Parastina kuIsraeri, asi waitofanira kurwira inji imwe neimwe yenzvimbo yavaiwana. Vimbiso ndeyako, asi unofanira kurwira inji imwe neimwe yaunoti ndeyako; dhiiyabhore achatoona nezvazvo, zvirokwazvo achatodaro.

⁶¹ Asi cherechedzai pavaKanga vagadzirira kutyora makumbo aShe wedu Jesu, dai nyundo iyi yakangorova gumbo iroro nekurityora, Mwari vangadai vakawanikwa vari venhema. Asi pakanga pasina madhimoni anokwana ari mukutambudza kwese kuri rima aigona kurega nyundo iyoyo ichirova mutumbi wakakosha uyu. Nekuti Dhavhidhi, makore 800 izvi zvisati zvaitika, akati, “Hapazova kana nebvupa rimwe richatyoka mumutumbi waKe.” Shoko raMwari rinofanira kumira riri reChokwadi.

⁶² Asi chii chavakaita? Vakatora pfumo ndokuboora rutivi rwaKe, zvino Ropa nemvura ndokubuda, kuzadzisa zvakataurwa neBhaibheri, “Vakaboora maoko aNgu neparutivi paNgu.” Shoko rakazadziswa.

⁶³ Zvino paAinge ava kufa, oo, inguva yaityisa zvakadii! Ndinofunga nezverwiyo rwuya, uye, kutaura chokwadi, zvinongondiita kuti ndinzwe zvisina kunaka, pandinofunga rwiyo urwu rwakanyorwa nanyanduri uyu makore mazhinji akapfuura:

Pakati pematombo aitsemuka nematenga
aisviba,
Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe
ndokufa;
Chidzitiro chakavhurika chakazarura nzira
Kumafaro eMatenga nezuva risingagume.

⁶⁴ Zvino paAkanga akaremba ipapo, achijuja ropa uye achifa, paAkakotamisa musoro waKe, zuva rakazvinyarira kwazvo, kutarisa zasi pazvisikwa zvinofa izvo Mwari vakasika mumufananidzo waVo, vaizofanira kubhadhara muripo wakadaro kuti vazvidzikinure, zuva rakaramba kutarisa pasi panyika panguva iyoyo. Mwedzi wakanyara kwazvo zvekuti wakabva panzvimbo yawo. Uye nyeredzi dzakafuratira musana wadzo kunyika. Chivi chinofanirwa kunge chiri chinhu chakaipa zvikuru! Mashandiro ayo Mwari vakatozoita nacho!

⁶⁵ Uye kuona vapisita vava vaiseka, nemakararwa akaremba pahuso hwaKe. Mumwe murume ndokuMurova mumusoro, nerutsanga, ndokuti, “Kana Uri Muporofita, tiudze

kuti ndiani aKurova.” Mumwe wavo akadzura ndebvu kubva pahuso hwaKe, ndoKumuwatsura kumeso, uye achida kuti iYe azvimiririre pachaKe.

⁶⁶ Akati, “Dai Humambo hwaNgu hwaiva hwenyika ino, Ndingadai ndadaidza Baba vaNgu pakarepo, VaizoNditumira mauto zviuru nezviuru zveNgirozi.”

⁶⁷ Zvingadai zvakashandurwa, asi Aizozviita sei? Haana kungokwanisa kuzviita, nekuti vakanga vari vana vaKe omene vaichemera Ropa raKe. Ungambofunga here baba, baba chaivo, nevana vavo vomene (murima) vachichemera ropa rababa vavo chaivo? Ndicho chikonzero Asina kukwanisa kuita chimwe chinhu kunze kwekufa. Dai Asina kudaro, kwaiva kuparara kwevana vaKe, kwaiva kuparara kwezvisikwa. Asi Akatozofa, kuti aponese vanhu vaKe.

⁶⁸ Zvino paAkadaro, paAkakotamisa musoro waKe, nyika yekare iyi yakava nekubvunda-bvunda kwakapfuura nekumusana kwayo. Inofanira kunge yakava nekuhuta-huta kwakanyanyisa, nekuti Bhaibheri rakataura kuti “nyika yose, kubva paawa rechi 6 kusvika paawa rechi 9, kwaiva nerima, rakanga riri pamusoro penyika yose.” Nyika ndokudengendeka, uye matombo akatsemuka. Uye chidzitiro chetembere chakabvaruka kubva kumusoro kusvika zasi; mabwe epaibairwa akapidiguka. Mwanakomana waMwari mupenyu akafa. Akanyatsofa kwazvo kusvikira zuva rakazvicherechedza. Akanyatsofa kwazvo kusvika mwedzi wakazvicherechedza. Akanyatsofa kwazvo kusvika nyeredzi dzakazvicherechedza. Akanyatsofa kwazvo kusvika nyika yakazvicherechedza. Akanyatsofa kwazvo kusvika mamiriro ekunze akazvicherechedza, matenga akazvicherechedza. Zvese zvakatovzivisa kuti aiva Mwanakomana waMwari! Nekuti, Shoko raMwari haraigona kukundika, Akavimbiswa, kubva mubindu reEdheni, “Mbeu yaizopwanya musoro wenyoka.”

⁶⁹ Zvino chii chakaitika kwaAri? Akaenda kupi paAkabva pamuchinjikwa ndokupinda mubwiro raJosefa weArimatia?

⁷⁰ Aiva murombo kwazvo zvekuti Akanga asina nzvimbo yekuisa musoro waKe. Akazvarirwa muchidiro chemhuka, aine zita rekunemera rakashata shure kwaKe, se “mwana wehupombwe.” Akasekwa, akaitwa jee naye, akaitwa dambe, panyika. Akaitwa jee naye, ndokurambwa. Zvino paAkafa, Akatofa nemutongo werufu, pakati pembavha 2. Uye pakanga pasina kana nzvimbo yekuti Angavigwa, uye Akavigwa muguva remumwewo munhu. Iye Mwari chaiye weKudenga achiuya panyika! Isu tinofunga kuti tiri vanaani, zvokuti tinofanira kupinda nomukutambudzika kudiki? ZvaAkatiitira! Pafunge, shamwari, nzvera nezvazvo.

⁷¹ Musoja weChiroma akati, “Chokwadi, uyu ndiye Mwanakomana waMwari.” Mutadzi akatozvicherechedza.

Judhasi akati, “Ndatengesa Ropa risina mhaka.” Akatozvicherechedza. Nyika yose yakazvicherechedza.

⁷² Zvino Akaenda kupi? Kana munhu afa, zvatopera here? Kwete, changamire. Aitofanirwa kufa nenzira iyoyo nekuti Bhaibheri raMwari rakati Aizofa nenzira iyoyo. Uye aivimba neShoko raMwari. Ndicho chikonzero Akakwanisa kuti, muhupenyu hwaKe, “Paradzai temberi ino, uye Ndichaimutsa mumazuva 3.”

⁷³ Nekuti Dhavhidhi wakati, panzvimbo imwe chete, yoga, muBhaibheri, pasi pekufemerwa, apo Dhavhidhi, munhu waMwari, muporofita akanga akazodzwa neShoko, akati, “HaNdingasiyi Mutsvene waNgu kuti aone kuora, kana kusiya mweya waKe mugehena.”

⁷⁴ Jesu akati, “Paradzai mutumbi uyu, uye Ndichaumutsa mumazuva 3.” Aiziva kuti Shoko raMwari harikundiye. Oo, ini zvangu!

⁷⁵ Kana Akakwanisa kuzorora zvizere pamusoro paizvozvo, achitenda kuti Shoko raMwari harikundiye, ko isu tingazorora zvizere zvakadii pakuti isu takazvarwa patsva neMweya Mutsvene, uye iWo ichapupu mumoyo medu iko zvino kuti tinoziva kuti Mudzikinuri wedu anorarama uye achauya zvakare rimwe zuva. Tine chokwadi chekuti avo vari muna Kristu Mwari vachavaunza pamwe naVo! Zvino cherechedzai.

⁷⁶ Hoyoka paAiva. Aiziva kuti hapana kana chizenga 1 chemutumbi iwoyo chaizoora. Maawa 72, kuwora kunotanga kuitika. Ndicho chikonzero Asina kumbogaramo mazuva 3. Akafa neChishanu masikati, akamuka Svondo mangwanani. Asi, zvakaitika mukati memazuva 3 iwayo. Mukati memazuva 3 iwayo Aizomuka zvakare, nekuti Aivimba neShoko raMwari.

⁷⁷ Heuno Achienda! Akaenda kupi paAkabva pano? Bhaibheri rakati, “Akakwira kumusoro. Akaenda akandoparidza kumweya yakanga iri mutorongo, isina kutendeuka pamoyo murefu wemazuva aNoa.” Munhu waKe wemukati, Mweya waKe, tiyofani yaKe iYe pazvima, yakadzika zasi. NgatiMuteverei. Mungade here, manheru ano, kuMutevera maminetsi mashoma? Ngationei kwaAkaenda.

⁷⁸ Muzasi menzvimbo dzevanhu vanofa pane nzvimbo yesimba remadhimoni; zasi payo . . . pamusoro payo pane mweya yevasina kururama; zasi payo ndipo pane hugaro chaihwo hwaSatani, gehena. Kozotiwo pamusoro pedu chaipo pane Mweya Mutsvene; zvino pasi peArtari ndipo pane mweya yevanhu vakarurama; inotevera yacho ndiMwari pachaVo. Mumwe uchidzika zasi, mumwe uchikwira kumusoro; mweya 2 iyi iri pano panyika, ichirunzira vanhu venyika ino.

⁷⁹ Zvino Jesu paakafa, Anoendako, zasi ikoko. NdinoMuona neChishanu ichocho masikati, mushure merufu rwaKe, [Hama Branham vanogodza papurupiti—Mupepeti] achigodza

pamukova wenzvimbo dzevakarasika. NgatiMuteverei kwechinguvana. Suwo rinozaruka. Kwaiva nevakadzi, kwaiva nevarume, kwaiva nevakadzi vechidiki, kwaiva nevakweguru, vose vakanga vari pamwe chete munzvimbo iyi inotyisa zvikuru inonzi tirongo remweya yakarasika.

⁸⁰ Dai ndanga ndine nguva, ndigada kukuudzai. Uye chinogona kunge changa chiri chiratidzo. Asi imwe nguva ndakashanya kunzvimbo iyoyo, uye ndikachemera tsitsi, pandainge ndiri mutadzi ndichiitwa oparesheni. Pandakapepuka, ndainge ndakamira kuMadokero, nemaoko angu akasimudzwa Kudenga, uye muchinjikwa uchipenya pandiri.

⁸¹ Asi munzvimbo iyoyo izere nekuungudza, Jesu akafamba kumusuwu. Zvese zvaifanira kupupura kuti Aive Mwanakomana waMwari, nekuti vakanga vaparidzirwa mumazuva emwoyo murefu aNoa. Anogogodza pamusuwo, iYe ndokuti, “Ndini waCho Uyo akataurwa nezvake naEnoki. Ndini Mbeu yemudzimai, yaizopwanya musoro wenyoka. Shoko rose raMwari rainge razadzikiswa; Ndichangobva mukufa mhiri paKarivhari, uye ndatenga Chechi yaNgu. Uye uYo akataurwa nezvake naEnoki, ndiNi waCho.” Uye vakanga vasina tsitsi, vasina tariro, nekuti vakanga vadarika. Zvino musuwu ndokupfigwa mberi kwavo.

⁸² Ndokudzika zasi kunzvimbo yemadhimoni! Ndokudzika zasi kumagedhi chaiwo egehena! Anogogodza pamusuwo. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti]

⁸³ Apa ndipo paAinge ari muguva, mutumbi waKe, wakamirira rumuko. Akashanyira nzvimbo dzinoenda vakarurama nevasakarurama; uko kwauchaenda nerimwe ramazuva ano, kune imwe kana dzimwe nzvimbo dzacho.

⁸⁴ Zvino Anogogodza pamusuwo wegehena. [Hama Branham vakagogodza papurupiti—Mupepeti] Zvino, paAkadaro, dhiyahore ndokubuda. Uye ndiri kutongomunzwa achiti, “Oo, saka Wazopedzisira wasvika. Chokwadi ndakafunga kuti ndakaKuwana pandakauraya Abheri.”

⁸⁵ Munoono, Mbeu iya payakavimbiswa mubindu reEdheni, dhiyahore akagara achiedza kuparadza Mbeu iyoyo. Zvino rufu rwaAbheri, nekuuya kwaSeti, kwaingova kufa, kuvigwa, nekumuka kwaKristu. Mbeu iyoyo inofanira kupfuurira mberi. Zvino akaedza kuIparadza.

⁸⁶ Akati, “Ndakafunga kuti ndaKuwana pandakaparadza Abheri. Ndakafunga kuti ndaKuwana pandakaparadza vaporofita. Ndakanga ndine chokwadi chekuti ndaKuwana pandakadambura musoro waJohane. Asi zvino, shure kwazvose, Wazosvika. NdaKuwana zvino.” Oo, ini zvangu!

⁸⁷ NdinoMunzwa achiti, “Satani, huya pano!” Ndiye ave Mukuru zvino. Akaswadera pedyo, ndokubvuta kiyi iyoyo yerufu negehena kubva parutivi rwake, akaisungira parutivi rwaKwe

iYe. “Ndinoda kukupa masamanisi. Wanga uri munyengeri kwenguva yakareba. Ndini Mwanakomana waMwari mupenyu akaberekwa nemhandara. Ropa raNgu richakanyorova pamuchinjikwa, uye chikwereti chese chabhadharwa! Hauchina kodzero zvachose. Watorerwa. Ndipe makiyi iwayo!” Ndizvozvo chaizvo. Akatendeuka ndokunyatsomubhutsura zvakasimba, ndokurovera mukova, zvino akati, “Gara imomo! Ndini Mukuru kubva zvino zvichienda mberi.”

⁸⁸ Zvino, Akanga asina makiyi ekuHumambo, nekuti Akaapa kuna Petro; tichazviona zvose izvozvo mangwanani, murubhabhatidzo rwemumvura. Asi aive nemakiyi erufu negehena, zvino Akaatora; mushure mekumuka kwaKe, Akati, “Ndine makiyi erufu negehena.” Petro aiva nemakiyi eHumambo. Satani aiva nemakiyi erufu negehena; asi zvino Jesu ndiye ave nawo, ndiYe Mukuru.

⁸⁹ Hepano Anotanga. Rava kusvika zuva reEsta; nguva iri kufamba nekukurumidza. Asi pane rimwe boka. Jobho aripi? Abrahama aripi? Vari kupiko? Vari kupi vanhu ivavo vaivimba neShoko raMwari? Asi Vavakanganwa here? Rufu rwakavatsakatisa here? Ndopazvakaperera here? Bodo, bodo; Mwari vanofanira kuchengeta Shoko raVo.

⁹⁰ NdinoMuwona. Ngatimbodongorerai zvishoma muParadhiso, uye totarisa ikoko. Zvino ndinoona Sara naAbrahama vachifamba-famba ipapo, zvino mushure mechinguva [Hama Branham vanogogodza—Mupepeti] chimwe chinhu pamukova. Abrahama anoenda kunozarura mukova, ndokuti, “Mudiwa, huya kuno. Tarisa pano! Tarisa pano, ndiyeka Uya chaiye akamira neni pasi pemuoki zuva riya.” NdiMwari waAbrahama.

⁹¹ Ipapo ndinoona Dhanieri akatarisa nepabendekete rake, ndokuti, “Ndiye Dombo rakachekwa kubva mugomo, zvemazvirokwazvo sekungomira kwandakaita pano.”

⁹² Ndinoona Jobho achisimuka, akati, “Ndiye Mudzikinuri wangu wandakati ndaiziva kuti anorarama, uye nerimwe zuva Ahamira panyika. Mutumbi wangu unogona kunge usiri chinhu kunze kwechipunu chidiki chemadota, asi mumaminetsi 15 kubva zvino ndichange ndava mauri zvakare. Ndiye uYu.”

⁹³ Ezekieri anotarisa napamusoro, ndokuti, “Ndakaona Munhu mumwe chete iyeye seVhiri riri pakati peVhiri, richtenderera, kumusoro mumhepo chaimo.” Oo, ini zvangu!

⁹⁴ Ndokubva Enoki auyawo. Enoki akati, “NdakaMuona achiuya ne 10,000 vevatsvene vaKe, kuzotonga.”

⁹⁵ Havo vatsvene veTestamende Yekare vakamirira, chokwadi vaiva, vari pasi peyananiso yeropa. Havaikwanisa kuenda muHupo hwaMwari, Mwari veKudenga, nekuti ropa rembudzi nemakwai haraigona kubvisa chivi.

⁹⁶ Asi Akati, “Hama dzangu, ndiNi iYe wamunofunga kuti ndiRi. Ndini Mbeu yemudzimai. Ndini Mwanakomana waDhavhidhi. Ndini Mwanakomana waMwari. Ndini waCho akazvarwa nemhandara. Ropa raNgu rakazviyananisira. Makamirira muri pasi peropa remakwai nembudzi, asi zvino Ropa Rangu rinoyananisa, uye masunungurwa. Ngatikwiri kumusoro, yave kutosvika Esta.” Chimbofungai, ava makore angangoita 1,900 neanoraudzira akapfuura, manheru ano.

⁹⁷ Ndinonzwa Abrahama achiti, “Ishe, patinomuka mumutumbi wedu zvakare; zvino Sarah neni taingozvida chaizvo; Mungava nebasa nazvo here kana tikati mirei zvishoma, tingati, munzira yeNyu?”

⁹⁸ Zvino, ndinogona kuMunzwa achiti, “Handiti, kwete, zvirokwasvo kwete. Ndichanogara nevadzidzi vaNgu kwemazuva angaite 40. Tarisai kwese-kwese muone kuti zvese zvinotaridzika zvakadii!”

⁹⁹ Mangwanani iwayo anobwinya eEsta (patichasimudzira mangwanani, Ishe vachitendera) paAkamuka kubva kuvakafa, Bhaibheri rakataura, maringe naMateo 27, kuti “Vazhinji vevatsvene vakarara muguruva renyika, vakamuka uye vakabuda kubva mumakuva.” Vaiva vanaani? Abrahama, Isaka, Jakobho, Jobho, avo nechizaruro chepamweya chakazarurwa vakaziva kuti Mudzikinuri aizomira panyika nerimwe zuva. Ndivo, zvibereko zvekutanga zveavo vavete. Ikoko vakafamba muguta. Ndinoona Sara naAbrahama, vari vechidiki, uye vazere... uye vakanaka, uye—uye vazere nehupenyu, vasisazombofa vakachembera zvakare, vasisazomborwara zvakare, vasisazomboziya nenzara zvakare, vachifamba-famba zvavo vari mumutumbi wavo.

¹⁰⁰ Kayafasi amirepo, achiti, “Munozivei? Pane chimwe chinhu chakaitika rimwe zuva, chingoonaiwo tsvina iri mutemberi iyi! Pane... Tichatofanira kuwana munhu anosona keteni iro. Tarisai ayo, bhokisi rezvibayiro rakapidigurwa. Chii chakaitika? Muchinda uyu anga ari munzveri wenyeredzi here? Anga Ari muroyi here? Kana kuti, chii chakaitika? Nhaiwe! Huya pano, Josephus, ndivanaani vaviri avo vechidiki vakamira apo?”

Abrahama akati, “Sara, tazivikanwa. Rega hedu tibve pano.”

¹⁰¹ “Vakaonekwa nevakawanda!” Zvakanga zvisiri izvo zvega. Mukuvhara, tarisai. Rimwe zuva mushure mekunge Ange... vaininge vashanya; Abrahama, Isaka, Jakobho, navose vachinge vashanya kumusha. Jesu paakakwira kumusoro... .

¹⁰² Unoti, “Hama Branham, ingano here iyoyo?” Kwete, changamire! Ndichakuratidzai muMagwaro, muchinguvana.

¹⁰³ PaAkatanga kukwira, vakangoona iYe chete, asi vatsvene veTestamende Yekare vakaenda pamwe naYe, nekuti Bhaibheri rakataura kuti “Akatapa hutapwa, ndokupa zvipo kuvanhu.”

Uye ndinoMuona Achikwira kumusoro, uye achibatana nechechi yaKe.

¹⁰⁴ Ngirozi 2 kubva mubhendi dzairidza mumhanzi, dzakadzoka ikoko, ndokuti, “Imi varume veGarirea, makamirirei muchitarisa kudenga? Nekuti Jesu mumwe chete uyu, akwidzwa kudenga, ari kudzoka zvakare.” Zvirokwazvo! Dzakakurumidza kudzokera kunobatana nedzimwe muchiitiko.

¹⁰⁵ Uye vachidzika havo nemumatenga Jesu nevatsvene veTestamende Yekare vakaenda. Vakapfuura mwedzi, vakapfuura zuva, vakapfuura nyeredzi. Uye pavakasvika vave kuona Matenga makuru, machena akanaka, vatsvene veTestamende Yekare vakadanidzira, vachitora kubva muMagwaro, “Simudzwai, imi masuwo ekusingaperi, uye musimudzwe! Simudzwai, imi masuwo ekusingaperi, uye musimudzwe! Uye murege Mambo weKubwinya apinde!”

¹⁰⁶ Ngirozi dzose dzakaungana pamasimbi emasitepisi eKudenga, ndokuti, “Ndianiko Mambo uyu weKubwinya?”

¹⁰⁷ Vatsvene veTestamende Yekare vakati, “Jehovha wehondo, ane simba muhondo! Akanga ari Mukundi!”

¹⁰⁸ Ngirozi yakadzvanya bhatani guru, masuwo emaparera ndokuti bhenen’ene kuvhurika.

¹⁰⁹ Kudzika nemuGuta reJerusarema chaimo kwakauya Mukundi mukuru, ane simba, achiuya nevatsvene veTestamende Yekare. Mabhendi eNgirozi achiridza, apo Ngirozi dzichidanidzira. Akanga ari Mukundi ane simba! Akanga ane makiyi erufu negehena akaremba padivi paKe, achidzika zasi chaiko achipfuura nepamizinda yemuKubwinya kusvikira Asvika paChigaro chehushe. Zvino akati, “Baba, hevanoi ava. Vakatenda, mukurutenda kuShoko reNyu, kuti Ndaizouya rimwe zuva. Ndakakunda zvese rufu negehena.” Chaiva chii, hama? Akanga aine mavanga muruoko rwaKe, kuratidza kuti Akanga ari muhondo. Mwari ngavarumbidzwe Kumusoro-soro! Ndiye Mukundi uya ane simba! “Hevanoi ava, Baba; Abrahamu, Isaka, naJakobho.”

¹¹⁰ Ndiri kuVanzwa vachiti, “Mwanakomana, kwira kumusoro kuno parutivi rwaNgu, ugare pasi kusvikira Ndaita muvengi wose ave chitsiko chetsoka dzaKo.” Hama, rimwe zuva Achauya zvakare, uye richava zuva rakadini!

¹¹¹ Akanga asina kungoti tekeshe paAinge ari muguva. Tinofunga kuti Akanga akangorara ipapo, akafa. Asi Akanga ari zasi achiri kungokunda, Akadzika zasi ndokutora makiyi kubva kuna Satani, Ane makiyi ezvose rufu negehena, manheru ano. Akati, “Nekuti Ndinorarama, nemiwo munogona kuraramawo, zvakare.”

¹¹² Handizive manheru ano, hama yangu inodikanwa, hanzvadzi, wambofunga nezvazvo nekuperera here?

Unocherechedza here kuti unorarama bedzi nekuti iYe anorarama? Wakambozvikoshesa zvakanakwana here kuti uzvipire, uye woti, “Mwari, ndiri pano, mutadzi, ndinzwireiwo tsitsi”? Wati wambogamuchira here Chibairo ichi chakazvikwanira muna zvose? WakamboMuudza here kuti unoMuda? Zvinorwadza manzwiwo ako here paunoita zvakaipa? Kana usati wambosvika kune chitiko ichochi zvino, mukuvigwa uku! Apo, nguva yedu pairi kupera. Uchingonzwa hako zvakanaka! Asi, handizivewo, kana usati wambogamuchira Kristu seMuponesi wako pachako, Handizive kana ungazviita tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana mushoko remunamato.

¹¹³ Ridzai rwuya, *Pakati Pematombo Ari Kutsemuka*, kana mungadaro, Hanzvadzi Gertie, kana muinarwo. Zvakanaka, chero zvaro rwunoita.

¹¹⁴ Nemisoro yenyu yakakotamiswa, ndichakubvunzai mubvunzo chaiwo wakaperera. Rangarirai shamwari, mutadzi kana mutsvene, hauna kutsakatika patinokuviga. Mweya wako uri kune imwe nzvimbo. Zvino, Jesu akashanyira nzvimbo dzose dziri mbiri, maringe neMagwaro. Anozokwana uri kupi ukanzi waenda manheru ano? Uchavharirwa mukova wetsitsi pamberi pako here, nekuti wakaramba? Rangarirai, haAsi chete Muponesi, ndiYe Mutongi. Iwe ndiwe mutongi zvino, unoMutonga sei? NgaAve Muponesi wako zvino.

¹¹⁵ Pane kanyaya kadiki kauya mupfungwa dzangu. Imwe nguva yapfuura kakomana kadiki kainge kakagara mungo—ngoro. Pfuti yakarira zasi mumugwagwa, zvino mabhiza ndokutiza, akanga achienda kumawere. Mumwe mukomana wemombe wechidiki akamhanya ndokumisa mabhiza ngoro isati yadonhera kumawere, nekuti yakanga ine mwana mairi. Akaponesa hupenyu hwemudiki uyu.

¹¹⁶ Makore mazhinji mushure maizvozvo, amire mudare redzimhosva. Mukomana mumwe chete uyu akanga apara mhosva, akatora nzira isiri iyo, akange aine mhosva. Ainwa, achitamba njuga, akapfura munhu; zvino aiva nemhosva, akabatwa nemhosva. Zvino mutongi akasimuka ndokuti, “Ndinokupa mutongo wekusungirira nemutsipa wako kusvikira hupenyu hwako hwepanyama hwapera.”

¹¹⁷ Mujaya uyu akati, “Changamire!” Zvino akamisa kuenderera mberi kwedare, paakasvetukira kune rimwe divi ndokunowira patsoka dzemutongi, achikumbira tsitsi. Akati, “Changamire, honai chiso changu! Hamundizive here?”

Akati, “Kwete, mwanangu, handikuzive.”

¹¹⁸ Akati, “Munorangarira here hupenyu hwemumwe mukomana mudiki wamakaponesa, makore mazhinji akapfuura, kubva kubhiza raitiza?”

Akati, “Hongu, ndinozviringarira.”

119 Akati, “Ndini mukomana wacho.” Akati, “Changamire, makandiponesa ipapo. Ndiponeseiwo zvino!”

120 Mutongi akatarisa pasi kwaari, ndokuti, “Mwanakomana, zuva riya ndaiva muponesi wako. Nhasi ndiri mutongi wako.”

121 Nhasi iYe Muponesi wako, mutadzi, mangwana Anogona kuva Mutongi wako. Ngatifungisisiwe nezvazvo zvino, mumhanzi uchirira. Uye munhu wese achinamata, avo vari munzvimbo yokunamata naMwari.

122 Handizive manheru ano zvino, nekukurumidza, avo vanoda kugamuchira Kristu seMuponesi wavo pachavo, iti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi, ini mutadzi. Ndinoda kuuya kubudikidza neRopa rakadeurwa. Ndaneta nekujoinha machechi nekumhanya ndichibva panzvimbo pano nepapo. Ndinoda kuzvarwa patsva. Ndinoda kuva nechitiko mumoyo mangu chandinoziva kuti Kristu azvizarura pachaKe kwandiri, nechizaruro chemweya chamuchangobva kutaura nezvacho, Hama Branham. Ndinoda chizaruro chemweya, Mweya Mutsvene mumoyo mangu, uchindiraramisa, uchiunza Kristu achiwedzera kuve mazvirokwazvo kwandiri kupfuura ini zvandiri kwandiri pachangu. Ndinoshuvira chitiko ichocho, Hama Branham. Mungandinamatirawo here pandiri kusimudza ruoko rwangu?” Ungasimudza ruoko rwako here, iwe unoda kurangarirwa. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei kumashure uko, amai. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, changamire. Zvakanaka. Simudzai maoko enyu, zvino kwidzai kumusoro neruoko rwenyu.

123 Ko ungangonyara sei? Ungaramba here zvakaite Saizvozvo, shamwari? Rangarira.

124 “Oo,” unoti, “Hama Branham, vaparidzi vakaparidza kwemakore.” Ndinoziva, asi rimwe ramazuva ano vacharega kuparidza. Uye nemataridzikiro akaita zvinhu, zvinogona kuva iye zvino. Uchazonzwa mharidzo yako yekupedzisira. Kutaura chokwadi, ino inogona kunge iri iyo yako yekupedzisira.

125 “Oo,” unoti, “ndiri mudiki.” Izvozvo hazvina basa. Rufu haruremekedze munhu, kana zera kana kukwanisa.

126 UngaMugamuchira here seMuponesi wako pachako, nekusimudza ruoko rwako, uchiti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi?” Simudzai maoko ako nevamwe vose ava, uti, “Zvino ndinoda kugamuchira Kristu.” Ungasimudza ruoko rwako here?

127 Mumwe munhu akadzokera shure, iti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Ndinoda kudzoka kuna Kristu manheru ano, kuti mangwana rwugova rumuko, rutsva, kwandiri.” Ungasimudza maoko ako here? Simudzai ruoko rwako, uti, “Ndinzwireiwo tsitsi. Ndinoda kuuya zvino.” Uchazviita here? Simudzai ruoko rwako, iti, “Ndanga ndiri munhu akadzokera shure, asi manheru ano...” Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka izvozvo. “Ndiri kugamuchira

Kristu seMuponesi wangu. Ndiri kuMugamuchira manheru ano. Ndakadzengaira, makore mazhinji kure naMwari, asi zvino ndiri kudzoka kumusha.” UngaMugamuchira here manheru ano, kuti urwu rwuve rumuko rutsva kwauri, hupenyu hwako hwekare hugopedziswa?

¹²⁸ Mai ava vari kuuya kuaritari, kuti vareurure, kuti vagomira. Mumwezve vangada kutora nzvimbo yavo pano, huyai pano pamwe navo, pakureurura kwavo? Mungasimuka here, mouyawo kuaritari, zvakare? Aritari yakazaruka. Zvirokwazvo. Huyai kumusoro chaiko, iko zvino. Kana uchida kumira pano uchinamata, zvinenge zvakangonaka. Huyai. Mungauyawo here? Pakupupura kwekutenda kwako, pakutenda kwako muMwanakomana waMwari, ungauya zvino here? Zvakana.

¹²⁹ Zviri kwauri, iwe rangarira. Ndiwe wacho. Uri mutadzi here? Wakadzokera shure here? Wakatondhwa here uye uri kure naKristu? Uye unoda here kumutswa patsva pamwe naYe zvino, kutanga hupenyu patsva? Ko imi, murume nemudzimai manga muchi—manga muchinetsana kwenguva refu, muchipopotedzana mumba menyu? Hamungauye here mogadzirisa nyaya iyoyo naMwari uye nemumwe kune mumwe iye zvino? Itai Esta ive Esta chaiyo kwamuri, motanga imba patsva.

¹³⁰ Ko imi musina kumbobvira, musina kumbobvira makava nemunamato mumba menyu, munongoenda henyu kumba mabva kucheche moedza kurarama nepose pamunogona napo, musingaunze mhuri pamwe chete kuti munamate? Ndosaka tine misikanzwa yevechidiki nezvinhu zvatinazvo. Ndicho chikonzero dzimba dzemuAmerica dzakaputsika. Hamungauye here, mutange patsva manheru ano? Mungauya here? Muri kukokwa. Rangarirai, ndiri mushumiri wenyu zvino; ndichava chapupu pazuva iroro.

Takakotamisa misoro yedu, zvadaro, zvino kuti tinamate.

¹³¹ Baba vedu Vekudenga Vakaropafadzwa, manheru ano tinounza kwaMuri ungano iyi, mukuremekedza kwakayereswa kwakadzama zvikurusa kwatinoziva. Tinoswedera paChigaro cheNyū chehushe mukuzvinipisa. Uye mushure meMharidzo manheru ano, kuti, kuvigwa mubwiro kukuru uku, Haana kungogara akanyarara, mweya waKe wakapfuurira kuenda kumatunhu ndokunopedzisa basa raMwari, raAkanga akatemerwa kuti aite. Uye mangwana mangwanani, tinoona kwaAkapinda nemunzvimbo dziri kumusoro, achikunda zvose, murumuko rwaKe. Asi Akauya mangwanani eEsta kuti tiruramiswe. Uye tinoona kuti Akatumira Mweya Mutsvene uchidzoka, kuzopomera vanhu pamusoro pechivi.

¹³² Uye tinonamata manheru ano, Ishe, kuti avo vasimudza maoko avo vave vanorangarirwa pamberi peNyū. Dai sarudzo yavo yabva pamoyo yavo manheru ano, kuti vaKugamuchirai,

uye vanoKutendai, uye dai vasimbiswa neChisimbiso chevimbiso manheru ano, Mweya Mutsvene. Zviiteiwo, Baba. Nekuti, tinovaisa kwaMuri, pamwe neMharidzo ino manheru ano. Dai Ikaropafadza avo vaInzwa, avo, Ishe, vachaItora kuenda nayo kumba kwavo, nekuInyudza pakadzika mumoyo yavo. Dai vakararama neShoko raMwari. Zviiteiwo, Baba, nekuti tinozvikumbara muZita raKristu. Amen.



KUVIGWA MUBWIRO SHO57-0420
(The Entombment)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZERUMUTSIRIRO RWEPAESTA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, Kubvumbi 20, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org